# BALALARDA ILIMIY DÚNYA KÓZQARASTI QÁLIPLESTIRIWDIŃ SOCIAL - PEDAGOGIKALIQ TIYKARLARI

***Jumasheva G.X.***
*p.i.d., prof.*
***Ablyakimova R.***
*NMPI magistri*
***Haytimbetova Sh.F.***
*Maktabgacha ta'lim fakulteti.Maktabgacha ta'lim yònalishi*
*1-v kurs talabasi*

**Tayanch so'zlar:** bolalarda ilmiy dunyoqarash, ijtimoiy pedagogika,informatsiya,bilim, ideya, moddiy olam, ta'lim jarayoni, sub'ektiv bog'liqlik, ilmiy asos.

**Ключевые слова:** научное мировоззрение детей, социальная педагогика, информация, знание, идея, материальный мир, образовательный процесс, субъектная связь, научная основа.

**Key words:** children's scientific worldview, social pedagogy, information, knowledge, idea, material world, educational process, subjective connection, scientific basis.

"Dúnya kózqaras - insan ruwxıylıqınıń zárúrli strukturalıq bólegi, álem hám adam haqqında bir pútin qaraslar, ideyalar sistemasın ańlatatuǵın túsinik" dep ayrıqsha atap kórsetilgen túsindirme sózlikte, haqıyqatında da usı túsiniktiń uzaq tariyxga iye ekenligin tán alıwımız kerek. Dúnyaǵa ilimiy kózqaras negizinde balalar materiallıq álemde tábiyat kórinisin tolıq oyda sawlelendiriw múmkinshiligine iye boladı. Bul hár bir balanıń qorshaǵan dúnyanı hám onıń strukturalıq bólimlerin oyda sawlelendiriwi menen baylanıslı. Hár qanday materiallıq álem tábiyat kórinisiniń ayriqsha tárepi onıń sub'ektiv baylanıslılıǵında bolıp tabıladı. Hár bir balanıń qorshaǵan dúnya haqqındaǵı túsiniktiń oyında sawlelendiriwi sub'ektiv xarakterge iye. Bala oyında sawlelendiriwinde qorshaǵan dúnya pútin tárzde gewdelenedi. Balanıń sanasın mental mexanizm retinde ózlestirilgen bilimler hám informaciyalar járdeminde barlıq boslıqlardı toltırıp baradı. Kúndelik oqıw processinde bul qaraqalpaq

xalqınıń social tájiriybeleri, balanıń jeke qıyalları, aqılınıń jemisi, óz betinshe dóretiwshilik pikirlewi nátiyjeleri járdeminde rawajlanadı. Nátiyjede balalardıń materiallıq dúnya haqqındağı qıyalları bilimler, tájiriybeler, isenimler, aqılıy qábilet hám haqıyqatlıqtan ibarat boladı.

Hár bir bala sanasındağı materiallıq álem tábiyat kórinisi ilimiy tiykarlanğan materiallıq bolmıstan bi birinen parıq etedi. Nátiyjede dúnyağa kózqaras járdeminde barlıq sorawlarğa juwap tabıwı múmkin. Balanıń dúnyağa kóz qarası onıń aldına qoyılğan barlıq sorawlarğa juwap beriwi ushın tiykar bolıwı kerek. Sonıń ushın insanda eń zárúr mútajlikler de bar. Usı mútajlikler járdeminde dúnyadağı tábiyat kórinisi jaqtılasadı.

Balanıń dúnyağa kóz qarası onıń sanasında sawlelengen materiallıq álem tábiyat kórinisiniń tiykarğı bólegi bolıp tabıladı. Materiallıq álem tábiyat kórinisinde ulıwma hám de menshiklik xarakterdegi túrli bilimler óz ańlatpasın tabadı. Mısalı, balalar Aral apatshılığı (fajiyası), Araldı qalay toltırıw kerekligi haqqında biliwleri kerek bolğan bilimlerdi ózlestiredi. Lekin usı bilimler olardıń dúnyağa kózqarasları quramına kirmeydi. Olar tek ğana Aral haqqında pikir etkendeğana usı bilimlerge tiykarlanıwı lazım. Balalardıń dúnyağa kóz qarasınıń quramına túrli waqıya-qubılıslar, ob'ektler haqqındağı ulıwmalasqan túsinikler, qıyallar kiredi. Ideyalardıń payda bolıwın dúnyağa kózqarastı analiz etiwshi birlik retinde aytıw kerek. Nátiyjede dúnyağa kózqarastı álemniń ayrıqsha negizi retinde túsiniw múmkin. Ulıwma nızamlıqlar haqqındağı oyda sawlelendiriwdi ózinde sáwlelengenlestirgen qarawlar negizin dúnya, jámiyet hám insan biligin quraydı.

Balalarda dúnyağa ilimiy kózqarastıń qáliplesiwi hám rawajlanıwda qorshağan álem haqqındağı teoriyalıq, ámeliy bilimler nátiyjeli tásir kórsetedi. Usınıń menen bir qatarda social-mádeniy túsinikler, milliy tárbiya, til qásiyetleri hám basqa belgiler sisteması da balalardıń dúnyağa kóz qarasınıń bayıwına tiykar boladı. Bunıń nátiyjesinde balalarda arnawlı bir dúnyağa kózqarasqa tiykarlanğan qıyallar payda boladı: ilimiy dúnya kózqaras, milliy dúnya kózqaras, ruwxıy-etikalıq dúnya kózqaras sıyaqlı. Hár bir balanıń dúnyağa kóz qarası úzliksiz tárzde ózinde jeke-individual ayrıqshalıqlardı sáwlelengenlestiredi. Materiallıq bolmıs haqqındağı bilimler bolsa dúnyağa kózqarastıń bekkemligin hám isenimliligin támiyinleydi. Onıń járdeminde balalarda átirap-ortalıq hám bolmıs haqqındağı anıq tgsinikler oyında sawlelendiriw payda boladı.

Balalardıń dúnyağa ilimiy kózqaraslarında tómendegi jónelislerdi bólek ajıratıp kórsetiw kerek:

1. Bala dúnyağa kóz qarasınıń mazmunğa tiykarlanğan bağdarı eksplicit yamasa implicit qağıydalarına tıykarlanıp, onıń negizinde olardıń turmısta

ámeldegi bolǵan nızamlılıqlarǵa munasábeti qáliplesedi. Mısalı, insannıń joqarı qádiriyat ekenligi, Ózbekstan jámiyetinde nızam ústinligi sıyaqlılar. Balalardıń haqıyqatlıqtıń túrli tarawlarına baylanıslı bolǵan tábiyiy dúnyaǵa ilimiy kózqarasların anıqlaw hám tálim mazmunın modernizaciyalawda bunı esapqa alıw óz aldına ayrıqsha áhmiyetke iye. Balalardaǵı usı dúnyaǵa ilimiy kózqaras tábiyat, jámiyet, shaxslarara múnásiybetler, insan huqıqları, ósimlikler álemi, texnika hám texnologiyalarǵa baylanıslı bolıwı múmkin.

2. Balalardıń dúnyaǵa ilimiy kózqarasınıń qádiriyatlı baǵdarı milliy ideyalar sistemasın quraydı. Bunday dúnyaǵa kózqaras tiykarında balalar Ózbekstan jámiyetinde ámeldegi ideyalardıń ayrıqsha táreplerin salıstırıwlawǵa muwapıq boladı. Ideyalar dúnyaǵa ilimiy kózqaras sheńberinde hám de dúnyaǵa kózqarastan sırtta qáliplesiwi de múmkin. Hár bir bala óz maqsetiniń eń joqarǵı, ullı maqseti ekenligine isenedi.

3. Balalarda dúnyaǵa ilimiy kózqarasınıń quramalı baǵdarı olardıń maqseti menen arnawlı bir dárejede baylanıslı bolǵan dúnyaǵa ilimiy kózqarasqa tán bolǵan bólek qaǵıydalar menen xarakterlenedi. Balanıń individual dúnyaǵa ilimiy kózqarası jaqsı uyǵınlasqan, qarama-qarsılıqqa iye bolmaǵan, arnawlı bir bólekti ańlatpalaǵan yamasa salıstırmalı xarakterge iye bolǵan, quramlaspaǵan, tereń mánide ańlatılmaǵan, ózinde júdá kóplep qarama-qarsılıqlardı sáwlelendirgen bolıwı múmkin. Kóplegen ámeliy maǵlıwmatlar qıyallardıń psixikalıq jetikligi menen baylanıslılıǵın ańlatadı. Quramalı analizge dúnyaǵa ilimiy kózqarastıń arnawlı bir tárepleri de qosıladı. “Olar arasındaǵı baylanıslılıq evolyuciyalıq xarakterine iyeme yamasa basqashama?” degen sorawǵa juwap ızlenedi.

4. Balalardıń dúnyaǵa ilimiy kózqarasınıń wazıypalıq baǵdarı dúnyaǵa ilimiy kózqaras strukturalıq bólimleriniń olar aqılı, pikirlew tárizi hám minez-qulqlarına kórsetetuǵın tásiri menen xarakterlenedi. Bul tásir tikkeley yamasa tikkeley bolmaǵan, ańlangan yamasa ańlanbaǵan, keskin yamasa biyazar bolıwı múmkin. Ayırım balalarda bir isenimnen ekinshisine ótiw tikkeley jeńil háreketler menen keshedi. Basqa bir topar balalarında bolsa quramalı tosqınlıqlar payda bolıwı múmkin. Geybir jaǵdaylarda ayırım balalardıń dúnyaǵa ilimiy kózqarasları turmıslıq haqıyqatlardan uzaq bolıwı da múmkin. Bunday balalar menen tárbiyashılar bólek jumıs alıp barıwları talap etiledi. Olardıń dúnyaǵa ilimiy kózqarasların ob'ektiv haqıyqatlıq járdeminde tuwrı baǵdarlaw tárbiyashınıń zárúrli wazıypalarınıń biri bolıp tabıladı. Usı baǵdarǵa dúnyaǵa ilimiy kózqarastıń beyimligi hám uqıplılıǵı sıyaqlı parametrlerdi kirgiziw múmkin. Hár bir shaxs ushın álem, tábiyat kórinisiniń turaqlılıǵın saqlaw zárúrli áhmiyetke iye. Dúnyaǵa ilimiy kózqaras haqıyqattı sáwlelendiredi. Haqıyqat

bolsa mudamı ózgerislerge dus kelip, rawajlanıp baradı. Álem ózgerip shaxs sanasında onıń tábiyat kórinisi aldınǵıdan qalǵan sharayatlarda máseleler payda boladı. Tap sol haqqında átiraptaǵılarǵa salıstırǵanda basım kórsetiw de dushpanlıq keypiyatın payda etedi.

Dúnyaǵa ilimiy kózqaras, birinshi náwbette, shaxs ózliginiń ańlatpası bolıp tabıladı. Shaxs dúnyaǵa ilimiy kózqarasınıń tiykarǵı ózgesheligi onıń ob'ektivliginde bolıp tabıladı. Shaxstıń dúnyaǵa ilimiy kózqarası ob'ektiv bolmıstıń ondagi anıq ańlatpası esaplanadı. Shaxstıń dúnyaǵa ilimiy kózqarasınıń sub'ektiv tárepi menen ob'ektv ózgesheligi arasındaǵı parıq onıń ózi ushın derlik sezilmeydi. Bul eki zárúrli sebep menen anıqlama beriledi:

a) dúnyaǵa ilimiy kózqaras ulıwmalastıratuǵın formaǵa iye, bul haqıyqattı biliw hám ol haqqında pikirlew nátiyjesinde payda boladı, ol piker hám oy menen azıqlanadı. Bunıń nátiyjesinde ob'ektiv haqıyqatlıq piker hám oy menen baylanısıw nátiyjesinde ańlatıladı;

b) dúnyaǵa ilimiy kózqarastıń ayrıqsha tárepi sonda, ol insan kózqarası hám poziciyasin ańlatadı. Bul sonı ańlatadı, turmıslıq jaǵdaylarda hár bir shaxs óz poziciyasin aytadı hám qorǵay aladı. Bul insan kózqarasının anıqlıǵı hám de zatlar, waqıya-qubılıslardıń óz-ara izbe-iz baylanısı menen baylanıslı. Dúnyaǵa ilimiy kózqaras turmıstıń qanday qurılısın aqılıy jaqtan oylaw nátiyjesiniń ańlatpası bolıp tabıladı. Insan óziniń dúnyaǵa ilimiy kózqarasın ańlatpasa, onıń negizinde ol dúnya, álem haqqındaǵı jantasıwlardı aytadı.

Dúnyaǵa ilimiy kózqaras onıń kim tárepinen aytılıwın ańlatadı. Insan óz dúnyaǵa kóz qarasın ańlatpasa, birinshi náwbette, álemniń qurılısı hám óziniń ózligi haqqında maǵlıwmat beredi. Dúnyaǵa ilimiy kózqarastıń ózi insandı psixologiyalıq tárepten úyreniwdiń eń jaqsı quralı bolıp tabıladı. Onıń járdeminde shaxstıń ózligi hám oylaw tárizi uyreniledi. Bunda dúnyaǵa ilimiy kózqarasqa tiykarlanǵan qıyallardıń metodikalıq principleri haqqında oylaw múmkin. Onıń járdeminde insan materiallıq álem, tábiyat kórinisin ańlatadı. Sol sebepli dúnyaǵa ilimiy kózqarastı qáliplestiriwdi balalardıń jaslıǵınan baslaw kerek. Sebebi bala óz jeke tájiriybelerin ulıwmalastırıwı, onı ulıwma nızamlılıqlar tiykarında ańlatıwı ushın daslep sóylewdi iyelewi kerek.

Balalardıń dúnyaǵa ilimiy kózqarasları álemdi durıs hám turaqlı aqılıy jaqtay oy júrgiziwi nátiyjesinde qáliplesedi. Bul, ásirese, óspirimlik hám jaslıq dáwirinde ayqın bilinedi. Bul jastaǵı balalar materiallıq bolmıstı tereń seze baslaydı hám onıń ayrıqsha qásiyetlerin ańlap jetedi. Ámeliy hám de teoriyalıq dúnyaǵa ilimiy kózqaras balanıń jeke uqsaslıǵı menen baylanıslı. Shaxstıń dúnyaǵa ilimiy kózqarasınıń rawajlanıwı bárha dawam etetuǵın process bolıp

tabıladı. Áyne bir shaxstıń dúnyaǵa ilimiy kózqarası túrli sırtqı kórinisler hám dárejelerde kórinetuǵın bolıwı múmkin.

Dúnyaǵa ilimiy kózqarastıń eń joqarı forması teoriyalıq dúnyaǵa ilimiy kózqaras bolıp tabıladı. Teoriyalıq dúnyaǵa ilimiy kózqaras negizinde balanıń turmıslıq -ámeliy tájiriybesi emes, bálki teoriyalıq bilimleri de óz ańlatpasın tabadı.

**Ádebiyatlar:**

1. Мирзиёев Ш.М. Эркин ва фаровон, демократик Ўзбекистон давлатини бирга барпо этамиз. –Т.: "Ўзбекистон", 2017. 10-б.

2. Ўзбекистон Миллий энциклопедияси. 3-жилд. – Тошкент: Давлат илмий нашриёти, 2002. – 382 б.

3. Ибн Сино. Донишнома / Ўзбек педагогикаси антологияси. – Тошкент: Ўқитувчи, 1995. – 133-135 б.

4. Краткая философская энциклопедия, –М., 1994. – 415с.

5. Медетова Р.М. Научно-педагогические основы патриотического воспитания подростков на материалах краеведения. Автореф.дис.... канд.пед.наук. –Ташкент, 2005. – 27 с.

6. Маънавият асосий тушунчалар изоҳли луғати. –Т.: Ғафур Ғулом, 2010. –146 б.

**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада болаларда илмий дунёқарашни шакллантиришнинг ижтимоий-педагогик асослари таҳлил қилинган.

**РЕЗЮМЕ**

В данной статье анализируются социально-педагогические основы формирования научного мировоззрения у детей.

**SUMMARY**

This article analyzes the socio-pedagogical foundations of the formation of a scientific worldview in children.